

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang

Karya sastra gumelar saméméh manusana sorangan maham kana sagala hal anu disebut sastra. Karya sastra diciptakeun salaku wadah dina ngébréhkeun pikiran, gagasan, rasa, jeung kapercayaan manusa. Ku kituna, karya sastra gumelarna alatan ayana motivasi ti diri manusa dina lakuning nyumponan pangabutuh batinna.

Karya sastra nya éta karya seni anu digelarkeun ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra). Ku sabab pakakasna basa, anu diolah ku para pangarang téh nya sakabéh unsur éstétis anu dipimilik ku basa, kaasup rupa-rupa pungsina atawa makéna basa (Iskandarwassid, 2003: 135).

Salaku hasil tina proses kréatif, karya sastra mangrupa ébréhan pribadi manusa tina ide, pangalaman, jeung pikiran dirina. Sabab bakal katitén ngandung ajén-inajén anu luhung saupama éta karya téh diteuleuman jeung diteleban kalawan daria.

Karya sastra ogé mangrupa struktur anu kompleks. Ku kituna, sangkan bisa maham kana eusina karya sastra téh kudu dianalisis (Hill dina Pradopo, 2003: 108). Dina proses nganalisis tangtu kudu ngagunakeun salasihiji téori sastra. Anapon salasihiji téori sastra anu digunakeun nya éta téori struktural, sarta diuwuhan ku téori sémiotik.

Dina wengkuhan karya fiksi, unsur-unsur nu ngawangun struktur karya sastra téh diantarana tema carita, fakta carita jeung sarana carita (Stanton dina Isnendes, 2008: 29). Jadi dina analisis struktural, unsur-unsur di luhur perlu aya pedaran jeung ditalungtik kalawan dibarengan ku pangaweruh anu jero ngeunaan harti, peran, pungsi jeung sagala hal anu aya patalina jeung unsur kasebut.

Di sagigireun téori struktural, téori anu digunakeun dina pamarekan sastra téh nya éta téori sémiotik. Ari sémiotik éta mangrupa kamekaran tina pamarekan strukturalisme. Jadi katitén dalit patalina antara sémiotik jeung strukturalisme. Ku ayana jeung dipakéna téori struktural jeung sémiotik pikeun nganalisis karya sastra, tangtu anu maca bakal leuwih weruh kana maksud atawa ma'nana sacara optimal.

Salian ti éta, karya sastra mangrupa hasil budaya titinggal karuhun anu kudu dipaliré jeung dimumulé. Ayana karep jeung panitén ti masarakat kana hasil budaya nu mangrupa karya sastra, tangtuna bakal mangaruhan kana kamekaran sastra.

Salasihiji tarékah dina ngariksa hasil titinggal budaya nya éta ngadokuméntasikeun karya sastra buhun anu sipatna lisan atawa tulisan. Wangun dokuméntasi karya sastra anu sipatna tinulis nya éta dina wangun naskah. Saméméh aya buku nu dicitak, masarakat Indonesia geus wanoh kana wangun naskah.

Naskah dina ulikan sastra nya éta wacana (téks) hasil tulisan leungeun, biasana dibeundeul /dibukukeun tapi lain hasil citak (Iskandarwassid, 2003: 90).

Baried (1985: 54) nétélakeun yén anu disebut naskah nya éta:

“Objek penelitian filologi yang konkret berupa tulisan tangan yang menyimpan berbagai ungkapan pikiran dan perasaan hasil budaya bangsa pada masa lampau”.

Dumasar wangenan di luhur, naskah mangrupa objek kajian filologi anu sipatna konkret. Ku kituna, panalungtikan filologi perlu dimekarkeun pikeun ngariksa naskah anu geus teu pati dipaliré ku masarakat. Ieu hal katitén tina héséna manggihan naskah nu sumebar di masarakat, sabab beuki kurangna minat jeung panitén masarakat kana masalah naskah.

Ditilik tina eusina, naskah-naskah Sunda ngaguar ngeunaan agama, basa, hukum (adat), kamasarakatan, mitologi, atikan, élmu pangaweruh, paririmbón, sastra, babad atawa sastra sajarah, sajarah, jeung kasenian. Naskah ngeunaan sastra kaasup pangréana.

Salasahiji warna naskah Sunda anu loba dihasilkeun nya éta dina wangun wawacan. Wawacan nya éta carita anu didangding, digelarkeun dina wangun puisi pupuh. Wawacan mangrupa karya sastra buhun anu meunang pangaruh tina sastra Jawa, lantaran pupuh nu ngawangun leunjeuran carita dina wawacan téh asalna ti Jawa. Dina maca wawacan biasana sok ditembangkeun dina seni beluk (Iskandarwassid, 2003: 168).

Anu jadi ciri wawacan nya éta wangun karya sastra anu kauger ku wangun pupuh. Pupuh nya éta wangun karya sastra anu kauger, mibanda guru lagu, guru wilangan, jeung jumlah padalisan dina unggal pada. Pupuh anu sok digunakeun dina wawacan taya lian ti Kinanti, Sinom, Asmarandana, jeung Dangdanggula (Iskandarwassid, 2003: 164). Sedengkeun pupuh nu séjénna mah teu pati dipaké.

Éta hal bisa jadi lantaran masarakat Sunda harita leuwih apal kana opat pupuh tadi tibatan nu séjénna. Sabab di masarakat Sunda mah opat pupuh tadi kaasup kana sekar ageung (Salmun, 1958: 43).

Dina unggal wangun wawacan, kabéh pangarang hayang némbongkeun kaéndahan basa, nepi ka nganggít kekecapan diapik-apik, ngémbohan mamanis basa jeung purwakanti pabisa-bisa, ngalalakon pasiga-siga, sangkan bisa jadi bacaan panglipur pikaresepeun (Rosidi, 2009: 91-94).

Anu dijadikeun objek panalungtikan téh nya éta *Wawacan Budiman*. Ieu wawacan mangrupa dokuméntasi Pusat Studi Sunda (PSS), anu didokuméntasikeun dina wangun mikrofilm, dina tanggal 21 Juli 1990, kalawan nomer rol 23 naskah ka-2. Sedengkeun sumber asalna ti Aki Nata, pernahna di Kampung Cirateun, Desa Baros, Kecamatan Pameungpeuk, Kabupaten Bandung. Titimangsa nulis/nyalin ieu naskah nya éta dina tanggal 26 Pebruari 1911 M atawa 26 Safar 1329 H ku Aki Anta. Aksara anu digunakeunna nya éta Arab Pégon jeung ngagunakeun Basa Sunda. Kandelna naskah 69 kaca, unggal kacana 13 jajar, sarta pupuh anu digunakeunana aya tujuh.

Ieu wawacan eusina ngeunaan piwuruk sangkan ahlak manusa jadi hadé, sangkan bisa milah jeung milih antara kahadéan jeung kagoréngan. Runtuyan caritana diwangun ku tokoh-tokoh tina pasipatan jalma, saperti Raja Budiman, Raja Napsu, Patih Sabar, Patih Amarah, jrrd. Kitu deui ngaran tempat anu digunakeunana, meunang nyokot tina basa Arab, saperti Bahrul Alam. Hal éta jadi salasahiji kaonjoyan dina ieu wawacan.

Salian ti pikeun ngeuyeuban deui pangaweruh ngeunaan sastra jeung wawacan, ogé maham kana wangun jeung carita ieu naskah. Sarta perlu ayana interprétasi tina simbol, indeks, jeung ikon, sangkan leuwih kaharti maksud jeung ma'na sabenerna, anu guna pikeun kahirupan manusa, kaasup siswa SMA. Cindekna, ieu naskah kudu dianalisis jeung dihartikeun ma'nana sangkan bisa kanyahoan eusi jeung tujuanna kalayan écés tur bisa dijadikeun bahan ajar maca carita buhun pikeun siswa SMA. Ku kituna, dumasar kana pedaran di luhur ieu panalungtikan téh medar ngeunaan *Wawacan Budiman: Analisis Struktur-Sémiotik pikeun Bahan Ajar Maca Carita Buhun di SMA*.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Dina ieu panalungtikan, masalahna diwatesanan, sangkan jéntré tur puguh guluyuranan. Watesan masalah dina ieu panalungtikan nya éta:

- a. Idéntifikasi naskah *Wawacan Budiman*;
- b. Struktur carita *Wawacan Budiman*, anu ngawengku fakta carita (palaku, galur, latar);
- c. Unsur-unsur Sémiotik téks naskah *Wawacan Budiman* anu ngawengku ikon, indeks, jeung simbol;
- d. Pikeun jadi bahan ajar maca carita buhun di SMA kelas XII.

1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, rumusan dina ieu panalungtikan diwincik di handap:

- a. Kumaha idéntifikasi naskah *Wawacan Budiman*?
- b. Kumaha struktur carita naskah *Wawacan Budiman*?
- c. Kumaha unsur-unsur Sémiotik naskah *Wawacan Budiman*?
- d. Kumaha lamun *Wawacan Budiman* dijadikeun bahan ajar maca carita buhun di SMA kelas XII?

1.3. Tujuan Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Umum

Sakumaha anu ditepikeun dina rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan ngabogaan tujuan anu dihontal, di antarana pikeun ngariksa budaya daérah anu nyampak dina naskah-naskah buhun hususna wawacan sangkan dipikawanoh ku balaréa.

1.3.2. Tujuan Husus

Tujuan ieu panalungtikan nya éta:

- a. Ngaidéntifikasi naskah *Wawacan Budiman*;
- b. Ngadéskripsikeun struktur carita nu ngawengku fakta carita (palaku, galur, latar) jeung pupuh anu digunakeun dina naskah *Wawacan Budiman*;
- c. Ngadéskripsikeun unsur-unsur sémiotik (ikon, indeks, simbol) anu kagambar dina naskah *Wawacan Budiman*; jeung
- d. Nyusun bahan ajar maca carita buhun di SMA kelas XII.

1.4. Méthode Panalungtikan

Méthode anu dipaké pikeun nganalisis karya sastra, disebut méthode kajian sastra. Méthode kajian sastra ngawengku: méthode intuitif, hermeneutik, méthode formal, analisis eusi, dialéktika, déskriptif analisis, déskriptif komparatif, jeung déskripsif induktif.

Dina ieu panalungtikan digunakeun metode déskriptif. Méthode déskriptif nya éta méthode panalungtikan pikeun ngagambarkeun karakteristik data saujuratna dina waktu panalungtikan. Méthode déskriptif anu digunakeun nya éta méthode déskriptif analisis, nya éta ngadéskripsikeun naskah *Wawacan Budiman* nepi ka bisa kapaluruh kaayaan éta naskah, nu saterusna dianalisis struktur carita nu ngawangun caritana.

1.5. Mangpaat Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat:

- a. Pikeun ngaraksa jeung ngariksa karya sastra buhun tina kamusnahan;
- b. Pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan ulikan filologi;
- c. Pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan kasusastraan Sunda hususna ngeunaan wawacan;
- d. Pikeun nambahan pangaweruh jeung informasi ngeunaan kajian struktur-sémiotik anu nyampak dina *Wawacan Budiman*; jeung
- e. Pikeun jadi alternatif bahan ajar maca carita buhun di SMA kelas XII.

1.6. Sistematika Penulisan

Bab I

Bab I mangrupa bab anu munggaran dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, métode nu digunakeun dina panalungtikan sacara gurat badag, jeung sistematika penulisan.

Bab II

Bab II mangrupa bab anu ngabahas ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan wawacan, ulikan sastra (struktur jeung sémiotik), jeung bahan ajar.

Bab III

Bab III mangrupa bab anu ngabahas ngeunaan kumaha métode panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode jeung téhnik panalungtikan sacara leuwih jembar katut desain panalungtikanna, ogé kumaha carana ngolah data hasil panalungtikan. Salian ti éta, bab III jadi dadasar pikeun nyusun bab IV lantaran antara bab III jeung bab IV aya pakuat-pakaitna.

Bab IV

Bab IV mangrupa bab anu ngadéskrupsikeun hasil panalungtikan. Dina ieu bab diébréhkeun sagemblengna hasil tina analisis panalungtikan anu dilaksanakeun. Hasil panalungtikan bisa katitén tina ieu bab.

Bab V

Bab V mangrupa kacindekan tina sakabéh pedaran. Salian ti éta, aya saran anu ditepikeun pikeun nu maca. Éta saran téh miboga tujuan pikeun kahadéan ka hareupna.

